

Read Aloud Story: Ayiti, Kiskeya, Boyo, Premye Abitan yo

Building Background: Tell children that the Tainos, and Arawaks tribe lived in the island of Haiti before Christopher Columbus traveled to Haiti in 1492. Explain to them that some believed the Tainos migrated from the northeast section of Southeast America (use a world map to follow their route and that of C. Columbus). It is also believed that between 10,000 to 100,000 lived in Haiti before Christopher Columbus.

Comprehension Skills: Sequencing, Timeline

Ayiti, Kiskeya , Boyo Premye Abitan yo

Tayino (endyen) yo se premye abitan ki te rete nan peyi d'Ayiti. Yo te rele peyi a Ayiti, Kiskeya, Boyo. Ayiti vle di, peyi ki gen anpil mòn, Kiskeya vle di gwo, anpil tè, epi Boyo vle di anpil vilaj.

Tayino yo te viv anpè nan peyi a. Yo te konn plante pòm detè, pistach, mayi, yanm ak manyòk pou fè manje pou yo ak fanmi yo. Yo te konn peche pwason ak chase bèt sovaj tankou kodenn mawon ak zwazo pou yo jwenn vyann.

Tayino yo te viv yon lavi senp. Yo te renmen danse, chante, resite pwezi ak rakonte istwa. Anakaona, ki te yon chèf Kasik, te yon gwo sanba. Yon sanba se yon ekriven ki ekri pwezi ak chante. Li te yon chantèz tou.

Pat gen prezidan nan peyi d Ayiti, Kiskeya, Boyo. Te gen senk Chèf Kasik. Chak Kasik te gouvène yon rejyon ke yo rele Kasika.

Lavi Tayino yo chanje lè Kristòf Kolon debake nan peyi yo nan lannwit 5 desanm 1492. Li rele yo Endyen epi li chanje non peyi ya pou Ispanyola pou onore Wa Fèdinan ak Rèn Isabèl ki te ede l nan vwayaj li. Ispanyola vle di Ti Espay . Li chanje non an paske Ayiti, Kiskeya, Boyo te sanble anpil avèk Espay, kote Kristof Kolon te anbake pou vwayaj li.

Konpreyansyon: Ann reflechi sou istwa a

Ki premye pèp ki te abite nan peyi d Ayiti ?

Kijan yo te rele peyi a?

Sa non Ayiti vle di? Kiskeya? Boyo?

Kijan Tayino yo te jwenn manje pou fanmi yo?

Kisòt istwa ou kwè istwa sa a ye? Yon istwa reyèl oswa pa reyèl ?

Diskite kèk bagay ou aprann de pèp Tayino yo?

Pouki rezon ou kwè otè a ekri istwa sa a?